



Pou Piblikasyon Imedya: 30/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE TOUNE ENTÈ-AJANS POU TI BIZNIS YO POU KONEKTE BIZNIS NAN ETA NEW YORK YO AK RESOUS AK SÈVIS ENPÒTAN YO

Apati 6 jen, reprezantan Eta yo pral kanpe nan Utica, Troy, Buffalo, ak Rochester pou mete aksan sou pwogram ak sèvis Eta a yo pou ede ti biznis yo reyisi

Li fè pati angajman kontinyèl Gouvènè a pou sipòte kominote ti biznis New York la

Biznis yo ka enskri pou yo patisipe [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman yon nouvo efò sansibilizasyon pou ti biznis, ki dirije pa Depatman Travay Eta New York (New York State Department of Labor, NYSDOL), pou ede konekte antreprenè yo ak sipò ak sèvis gratis. Nan kad angajman kontinyèl Gouvènè a PRAN anvè kontribitè ekonomik enpòtan sa yo, reprezantan Depatman Travay Eta New York, Depatman Deta ak Taks ak Finans, Komisyon Konpansasyon Travayè a, ak Empire State Development pral travèse eta a pou bay enfòmasyon enpòtan pwopriyete ti biznis sou lisans, règleman, taks, sibvansyon, fòmasyon, ak plis ankò.

"Ti biznis yo se nwayo ekonomi New York la – k ap kreye djòb lokal yo, redinamize katye yo, epi mete kominote yo ansanm", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou kontan anpil pou n pote resous gratis dirèkteman bay ti biznis yo atravè eta a pou asire yo jwenn sipò yo merite a."

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Ti biznis nou yo se batman kè kominote yo epi jwe yon wòl enpòtan nan ekonomi nou an. Depatman Travay Eta New York la ofri yon varyete resous gratis ki ka ede ti biznis yo rete konpetitif nan mache mondyal la. Mwen ankouraje antreprenè yo pou yo patisipe nan youn nan sesyon sa yo pou aprann plis sou fason Eta New York ka ede w fè siksè."

Vwayaj la gen arè nan Utica, Troy, Rochester, ak Buffalo, epi li fè pati efò Eta New York ap fè pou avanse, sipòte, ak ranfòse pi piti operasyon ki kontinye gen yon enpak ekonomik enpòtan nan kominote lokal yo.

Toune Ti Biznis

- Madi, 6 jen, 8:30 a.m. - Mohawk Valley Community College, Information Technology Center, Utica
- Madi 6 jen, 5:30 p.m. - Hudson Valley Community College, Bulmer Telecommunications Center, Troy
- Madi, 13 jen, 8:30 a.m. - Jacqueline Vito LoRusso Alumni & Visitor Center, 667 Grant Street, Buffalo
- Mèkredi 14 jen, 8:30 a.m. - Rochester Educational Opportunity Center, 161 Chestnut Street, Rochester

Ti biznis ki enterese patisipe yo kapab enskri atravè [fòmilè enskripsyon pou Toune pou Ti Biznis lan](#).

NYSDOL ofri plizyè sèvis pou sipòte nenpòt gwosè biznis atravè Eta New York. [Reprezantan Sèvis Biznis](#) li yo travay ak antreprenè yo pou kreye solisyon pèsonalize pou ede atenn objektif biznis yo. Depatman an ofri tou [sèvis resous sosyal gratis](#) epi li ede nan [rekritman mendèv](#) pou ede patwon yo jwenn travayè kalifye yo. NYSDOL ofri konsèy sou [ankouraje anbochaj, kredi taks ak opòtinite finansman](#) ki ka ede patwon yo diminye depans yo.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Sipòte kwasans ti biznis yo fondamantal nan misyon nou nan Empire State Development lan, epi nou kontan anpil pou nou rejwenn efò milti-ajans sa a pou montre tout resous ak sèvis nou ofri pou ede yo pwospere. Ti biznis yo se eleman vital ekonomi Eta New York la, epi siksè yo se siksè nou."

Sekretè Deta New York, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Depatman Deta a fyè pou l kreye patenarya ak ajans patnè nou yo nan pote resous gouvènman yo dirèkteman bay moun New York yo. Divizyon Lisans ak Kòporasyon nou yo bay ti biznis nou yo opòtinite ak resous pou pèmèt yo grandi pandan y ap kontribiye nan ekonomi nou an tou."

Prezidan Komisyon Dedomajman Travayè Eta Neew York la, Clarissa M. Rodriguez, te deklare, "Konsèy la devwe pou ede ti biznis New York yo reyisi nan edike yo sou dwa ak responsablite yo dapre Lwa sou Dedomajman Travayè a, epi sipòte yo si pwoblèm yo parèt. Nou fyè dèske nou gen opòtinite travay ansanm ak lòt ajans Eta a pou asire ti biznis yo gen zouti ak enfòmasyon yo bezwen pou pwospere."

Komisè pa Enterim Enpo ak Finans Eta New York la, Amanda Hiller, te deklare, "Nan Depatman Taks la, nou vle asire ke pwopriyetè ti biznis yo, ki se aktè ki enpòtan anpil nan ekonomi nou an, kapab fè konpetisyon sou yon teren egalite, kidonk nou fè efò pou asire ke konfòmite ak taks yo pi senp jan sa posib."

Gouvènè Hochul kontinye apiye inisyativ ki fèt pou fè New York vin yon eta ki pi favorab pou travayè yo ak ti biznis yo nan nasyon an. Gouvènè a te envesti plis pase 1 milya dola pou sipòte kominote ti biznis New York la epi akselere rekipasyon apre

pandemi eta a, ki gen ladan 800 milyon dola Pwogram Sibvansyon pou Rekiperasyon Ti Biznis Nan Kad Pandemi COVID-19, 200 milyon dola Pwogram Sibvansyon Finansman Demaraj, ak 550 milyon dola Inisyativ Kredi pou Ti Biznis Eta a. Gouvènè a te garanti tou yon lòt 1 milya dola nan finansman pou envesti nan ekonomi lokal yo kòm yon pati nan [Bidjè Ane Fiskal 2024 la](#), ki gen ladan 225 milyon dola nan sibvansyon ak kredi taks pou [Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo](#), 100 milyon yo chak pou finanse yon ane adisyonèl nan [Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la](#) epi [NY Forward](#), 50 milyon dola pou [Inisyativ RESTORE Kominote New York la](#), 400 milyon dola pou Devlopman Ekonomik NYWORKS la ak prèske 200 milyon dola pou pwojè ki sipòte kwasans ak ranfòsman kominote a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418